

# Fich Enfòmasyon 1199SEIU sou Vaksen COVID-19 la

Travayè swen sante yo pral pami premye moun nan peyi a ki kalifye pou pran nouvo vaksen COVID-19 la—ki gen prèv ki montre l ap bay gwo pwoteksyon

*Prèv ki montre l ap bay gwo pwoteksyon kont maladi mòtèl la.*

kont maladi mòtèl la. Gen de (2) vaksen ki ta ka disponib trè byento kay Pfizer ak nan Moderna, epi yo toude itilize teknoloji ARN mesaj (ARNm). Kontrèman ak lòt vaksen yo, teknoloji ARNm lan pa itilize

okenn moso viris vivan. Ou pa pral ekspoze nan viris ki lakòz COVID-19.

## I. SEKIRITE AK EFIKASITE

### Èske vaksen an san danje epi èske li efikas?

Toude vaksen yo gen yon nivo efikasite ki trè wo: Pfizer gen yon to 95 pousan epi Moderna gen yon to 94 pousan. Pou yo kapab efikas, toude vaksen yo egzije pou pran de (2) piki, ke yo bay ak kèk semèn entèval. Vaksen yo pa kapab melanje ni matche ant dòz yo. Yo pa konnen pou lemoman dire pwoteksyon (iminite) vaksen an pwovoke, epi vaksen rapèl gendwa nesesè.


Sèten moun ki pran yon vaksen COVID-19 ap gen efè segondè, sitou apre yon dezyèm dòz. Efè segondè vaksen an sanble minè ak pou yon ti tan, sa gen ladan doulè nan kote yo fè piki a, fatig, ak lafyèy yon lè konsa, maltèt, oswa doulè nan misk ak jwenti. Efè segondè sa yo disparèt ofiramezi nan 1-2 jou; yo pa te detekte efè ki dire lontan jiskaprezan.

Byenke vaksen an bay gwo pwoteksyon, li pa 100% efikas. Gen yon chans fèb pou moun ki pran vaksen an ka enfekte kanmenm avèk yon ka lejè viris la. Epitou moun ki te pran vaksen an kapab transmèt viris la kanmenm bay lòt moun lakay yo ak nan travay, konsa li enpòtan anpil pou tout moun kontinye mete PPE epi swiv pwotokòl sante piblik yo nan peryòd k ap vini yo.

## II. DEVLOPMAN AK APWOBASYON

### Kisa ki nan vaksen an?

De vaksen yo itilize teknoloji ARN mesaj (ARNm). Yo pa sèvi ak okenn moso viris vivan, sa vle di moun pa pral ekspoze nan viris ki lakòz COVID-19. Alaplas, ARN mesaj a—yon moso nan enfòmasyon



jenetik—kòmande selil yo pou yo fè pwoteyin spike COVID-19 la yomenm, epi lè sa sistèm defans kò a (sistèm iminitè) kreye antikò ki konbat COVID-19, sa ki bay yon gwo nivo iminite.

### **Kijan yo te devlope l?**

Paske ARNm lan fasil pou fabrike nan laboratwa, fabrikan yo te ekonomize plizyè ane nan devlopman an, sa ki te akselere kreyasyon vaksen an.

Nan esè klinik yo pou toude vaksen yo, plis pase 73,000 moun Ozetazini ak nan lemond antye te resevwa piki, sa gen ladan plis pase 25,000 moun ki soti nan kominote COVID-19 plis afekte yo, ki gen ladan Nwa, Latinx, ak moun aje yo.

### **Kijan yon vaksen jwenn apwobasyon?**

Vaksen yo dwe jwenn apwobasyon nan men Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) anvan distribisyon vaksen an. Pou li apwouve oswa pa apwouve yon vaksen, FDA baze desizyon l sou done ki soti nan esè klinik yo. Ekspè endepandan ak syantis ki gen anpil eksperyans detèmine sekirite vaksen an baze sou gwosè efè segondè yo. Si done esè klinik yo montre ase prèv efikasite ak sekirite, FDA ap apwouve vaksen an.

---

## **III. DISTRIBISYON VAKSEN**

### **Kilè mwen pral kapab pran li?**

Travayè swen sante yo pral kalifye pou pran premye dòz vaksen an depi fen mwa Desanm. Vaksen yo gratis pou travayè swen sante yo epi 1199SEIU Benefit Funds ap kouvri frè administratif yo. Travay yo ap enfòmè anplwaye yo lè yo kalifye pou yo pran vaksen an.

Vaksinasyon an pa obligatwa, men yo trè ankouraje li pou travayè swen sante ak pasyan yo. Sitiyasyon vaksinasyon yon travayè swen sante pa pral afekte devwa travay li.

